Pou Piblikasyon Imedya: 5/12/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN GWOUP TRAVAY LWÈS NEW YORK POU KONEKTE MOUN KAP CHÈCHE TRAVAY YO AVÈK POZISYON KI DISPONIB NAN ZÓN BUFFALO

Pwogram nan ap chita sou siksè Gwoup Travay Chomaj Gouvènè a

Biwo Nouvo Sant Karyè Satellite kounye a ap sèvi rezidan yo nan Buffalo, Lackawanna, ak Niagara Falls

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman Gwoup Travay Lwès New York avèk ouvèti ofisyèl senk nouvo biwo sant Karyè Satellite Depatamn Travay nan vil Buffalo, Lackawanna, ak Niagara Falls. Gwoup Travay la ap chita sou retire obstak travay pou moun yo ki te sible nan domèn chomaj pwolonje ak elve.

Gwoup Travay Lwès New York la ap itilize leson ke yo te aprann bò kote gwoup travay chomaj Gouvènè a premye nan kalite sa ki gen anpil siksè ke yo te lanse nan Bronx nan 2014. Gwoup travay chomaj la te vin elaji annaprè pou l gen ladan 10 konte nan eta ki gen pousantaj chomaj pi elve. Depi lansman pwogram lan nan Bronx, Depatman Travay la te angaje plis pase 10,165 rezidan Bronx epi garanti yo plis pase t17,150 plasman travay.

“Gwoup Travay Lwès New York la pral itilize yon apwòch sible ki gen siksè pou ede konekte rezidan ki pap tavay yo nan zòn lan avèk travay estab,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou pote ansanm gwo jwè yo nan sektè prive ak piblik la, nap pran yon etap enpòtan nan bi pou retire obstak pou jwenn travay, takle chomaj epi restore opòtinite ekonomik toupatou nan kominote Buffalo a.”

Yon konpozan enpòtan nan nouvo inisyativ sa gen ladan fòmasyon ki baze sou biznis ki pral santre sou Nouyòkè yo ki bezwen l piplis, bay yo konpetans yo bezwen pou yo retounen travay. Asire ke fòmatè yo ekipe travayè yo avèk konpetans biznis yo bezwen sa ki te yon priyorite enpòtan pou gwoup travay la, ak apwòch sa ki baze sou konpetans pral kontinye nan Lwès New York.

Nan kad Gwoup Travay Lwès New York la, Depatman Travay Eta Nouyòk pral ajoute lòt anplwaye sèvis biznis pou pèfòme sansibilizasyon pou biznis yo, ki stratejikman ki santre sou endistri endividyèl yo pou bay èd kote ak lè yo bezwen l. Depatman Travay la pral bay tou sèvis plasman travay entansif ak senk nouvo lokasyon satelit nan zòn gwoup travay la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite: http://labor.ny.gov/strikeforce/strikeforce.shtm oswa rele 1-888-708-6712.

Anplis, sitwèb Job Express Gouvènè a ap ofri nouvo baz done djòb rejyonal ki disponib spesyalman nan twa zòn ki sible nan Lwès New York. Vizite sitwèb Jobs Express rejyonal lè ou klike la: http://labor.ny.gov/strikeforce/western-ny-initiative.shtm.

Anplwaye angaje nan Gwoup Travay Lwès New York pral travay etwatman avèk otorite eli lokal yo, sant devlopman travay, ansanm avèk lòt òganizasyon kominotè yo pou konekte moun kap chèche travay yo avèk opòtinite rejyonal. Depatman Travay la te òganize tou yon Sant Karyè Travay nan Buffalo pou ede konekte moun kap chèche travay avèk anplwayè yo.

“Konekte moun New York kap chèche travay avèk biznis yo ki pare pou anboche enpòtan,” te deklare **Komisyonè pa Entèrim Travay Roberta Reardon**. “Plan Gouvènè a te travay pou moun Bronx e li pral travay pou moun Lwès New York. Depatman Travay la kanpe pare pou l ka jwe patisyon l pou ede nan renouvo Lwès New York.”

“Pandanke Buffalo nan ogmantasyon, twòp adilt stoke nan yon sik visye san travay, se poutèt sa mwen menm, ansanm avèk lidè vil, eta, konte, ak òganizasyon ki baze sou lafwa yo, kontan paske Gouvènè Cuomo ap pran aksyon nan kreye Gwoup Travay la nan Buffalo. Non sèlman lap chèche pou diminye pousantaj chomaj ki pèsiste nan vil nou an, men lap travay nan nivo baz kominote lokal pou idantifye moun kap chèche travay yo e apresa ekipe yo avèk konpetans ak resous ki nesesè pou garanti ak kenbe yon djòb,” te deklare **Senatè Tim Kennedy**. “Gwoup travay la, ansanm avèk finansman ki soti nan Inisyativ Anti-Povrete Gouvènè a, ap kòmanse ouvè sa ki te rete fèmen pandan twò lontan: opòtinite. Apwòch dirèk sou teren sa pral ede finalize kèk nan eka travay ki pi grav ke nou te obsève nan zòn pòv yo nan kominote nou an.”

Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, “Gwoup Travay Buffalo a te nan fabrikasyon depi lontan. Sa a se yon reyaksyon kolektif pou asire ke tout kay yo gen ogmantasyon avèk amelyorasyon sitiyasyon ekonomik – nou te tande fò ak klè. Avèk 2,000 djòb ki aktyèlman disponib grasa Depatman Travay NYS, ak plizyè milye lòt djòb lokal kap vini sou entènèt, Gwoup Travay la angaje pou idantifye travay ak opòtinite fòmasyon pou moun ki sou-anplwaye ak sa ki nan chomaj. Siksè Bronx sèvi kòm yon gwo modèl ak enprent. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk ekip lidèchip li paske yo te kowòdone efò sa e map rete tann pou m fè patenarya avèk tout pati yo pou asire endepandans rezidan yo ak amelyore kalite lavi.”

Manm Asanble Sean Ryan te deklare, “Anons jodia sou Gwoup Travay Lwès New York la se anblèm angajman Gouvènè Cuomo nan rejyon nou an. Lè nou ede moun kap chèche travay yo pou yo jwenn travay nan biznis lokal yo, nap ede redwi povrete nan kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te yon patnè solid kòm nap travay pou asire resijans ke nap obsève nan Lwès New York la atenn tout sitwayen nou

yo."

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, "Kòm nap kontinye devlope Buffalo an yon vil opòtinite, inisyativ sa ap amelyore efò nou pou ede moun kap chèche travay yo tape sou opòtinite pou konekte avèk konpayi yo kap chèche anboche nan zòn ki gen pousantaj chomaj ki pi elve. Map rete tann pou m fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo, klèje nou an ansanm avèk lòt òganizasyon lokal yo sou pwogram sa, modelize daprè yon efò ki gen siksè nan Bronx, kòm nap travay ansanm nan objektif pataje nou pou soulve tout moun nan Buffalo nan ogmante tout resous kominotè yo ki disponib."

Majistra Vil Lackawanna, Geoffrey M.Szymanski te deklare, "Nou senpleman pa ka kontinye neglije moun ki sou-anplwaye ak sa ki nan chomaj yo. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo e inisyativ sa chita sou Inisyativ Gwoup Travay Bronx lan ki gen siksè, nou kanpe pou reyalize opòtinite travay alontèm pou Lackawanna ansanm avèk kominote yo toupatou nan Eta New York."

Majistra Niagara Falls Paul Dyster te deklare, "Mwen konplimante angajman Gouvènè Cuomo pou ede moun kap chèche travay yo avèk konpetans yo bezwen pou jwenn travay. Gwoup Travay Depatman Travay la ap kolabore avèk lidè kominote lokal yo pou matche moun kap chèche travay avèk djòb, sa ki pral amelyore efò fòmasyon travay ki ankou nan Niagara Falls."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Gwoup Travay Lwès New York Gouvènè a, tanpri vizite: http://labor.ny.gov/strikeforce/strikeforce.shtm.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nanwww.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418